दिन—सोमवार दिनांक—22.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

संसदक बजट सत्र आइ सँ आरंभ भऽ गेल। केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन पहिल दिन वित्तीय वर्ष दू हजार तेईस—चौबीसक आर्थिक सर्वेक्षण लोकसभा मे प्रस्तुत कयलीह। सर्वेक्षण मे वित्त वर्ष दू हजार चौबीस—पच्चीसक लेल सकल घरेलू उत्पादक वृद्धि दर साढ़े छओ सँ सात प्रतिशतक मध्य रहबाक अनुमान लगाओल गेल अछि। काल्हि वित्तमंत्री श्रीमती सीतारामन लोकसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस— पच्चीसक आम बजट प्रस्तुत करतीह।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे काल्हि प्रस्तुत कयल जायबला बजट अमृतकालक महत्वपूर्ण बजट होयत। ओ कहलनि जे ई बजट सरकारक एहि कार्यकालक पांच वर्षक दिशा तय करत आ दू हजार सैंतालीसक विकसित भारत अभियानक सपनाक नींव बनत। श्री मोदी आइ सत्रक शुरूआतक पूर्व संसद सँ बाहर संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे लोकसभा चुनाव मे जनता निर्णय देलक अछि आ सभ राजनीतिक दल के मिलि कऽ अगिला पांच वर्षक लेल ठाढ़ होयबाक चाही। श्री मोदी कथित रूप सँ नकारात्मक राजनीति करयबलाक लेल विपक्षी दलक आलोचना कयलनि अछि। प्रधानमंत्री राजनीतिक दल सभ सँ राजनीतिक एजेंडाक लेल नहि अपितु देशक लेल काज करबाक आग्रह कयलनि अछि।

———————————————————

केन्द्र सरकार जनौलक जे बिहार के विशेष राज्यक दर्जा देबाक कोनो प्रस्ताव नहि अछि। लोकसभा मे जदयूक सदस्य रामप्रीत मंडल के प्रश्नक उत्तर मे वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी आइ कहलनि जे अंतर मंत्रालय समूह राष्ट्रीय विकास परिषदक एखुनका मानदंडक आधार पर एहि प्रकारक दर्जा देबा सँ इंकार कयने छल। वर्ष दू हजार बारह मे ई अंतर मंत्रालय समूह विशेष राज्य दर्जाक मांग पर विचार कयने छल।

———————————————————————

लोकसभा मे आइ नीट प्रश्नपत्र लीक मामिला पर सेहो चर्चा भेल। एक प्रश्नक उत्तर दैत शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि जे नीट–यूजी पेपर लीकक देश भरि मे मात्र एक मामिला पटना सँ सोझा आयल अछि। ओ कहलनि जे सीबीआई मामिलाक जांच कऽ रहल अछि आ ई मामिला सर्वोच्च न्यायालय मे विचाराधीन अछि। एम्हर, सर्वोच्च न्यायालय मे आई नीट परीक्षा रद्द करबाकेँ लऽकऽ दायर याचिकाक सुनावाई कयल गेल।

———————————————————————

बिहार विधानमंडलक मॉनसून सत्रक आइ सँ प्रारंभ भऽ गेल। विधानसभाक कार्यवाहीक पहिल दिन आइ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी चालू वित्त वर्षक लेल सैंतालीस हजार पांच सय बारह करोड़ टाका सँ बेसी केँ प्रथम अनुपूरक बजट सदन मे प्रस्तुत कयलनि। एहि मे राज्यक लेल विभिन्न विकास परियोजनाक लेल धन राशिक प्रावधान कयल गेल अछि।

———————————————————————

मॉनसून सत्रक पहिल दिन कार्यवाही प्रारंभ करैत अध्यक्ष नंदकिशोर यादव कहलनि जे चालू सत्र छोट अछि मुदा बेस महत्वपूर्ण अछि। अध्यक्ष सभ सदस्य सँ सदनक कार्यवाहीक सुचारू संचालन मे सहयोगक अपील कयलनि अछि। विधानसभा अध्यक्ष रूपौली विधानसभा क्षेत्र सँ निर्दलीय विधायक शंकर सिंह के सदनक सदस्यताक शपथ दियौलनि। एकर बाद अध्यक्ष सत्रक कार्यवाहीक संचालनक लेल अध्यासी सदस्यक मनोनयन कयलनि आ नव कार्यमंत्रणा समितिक गठनक सेहो घोषणा कयलनि। सदन मे पूर्व उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी आ कतेको दिवंगत पूर्व सदस्य सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ एनडीए विधानमंडल दलक बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक मे विधानमंडलक मॉनसून सत्रक दरमियान एनडीए घटक दलक एक जुटता आ विपक्षक आरोप सभक उत्तर देबाक रणनीति पर चर्चा भेल।

———————————————————————

विधान परिषदक कार्यकारी सभापति अवधेश नारायण सिंह आइ सभापति पदक लेल अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि।

———————————————————————

साओनक पवित्र मास आइ सँ प्रारंभ भऽ गेल। एकर संगहि देवघर स्थित बाबा वैद्यनाथ धाम मे भगवान शिव के जलाभिषेकक लेल भक्त लोकनिक पाँति लागल रहल। हजारोक संख्या मे कमरथुआ लोकनि सुल्तानगंजक गंगा घट सँ जल उठा कऽ बाबा धामक लेल काभड़ यात्रा पर निकलि रहल छथि। एम्हर, पहिल सोम कऽ प्रदेशक प्रसिद्ध शिवालय आ मंदिर मे भोरहि सँ श्रद्धालु लोकनिक भारी भीड़ उमड़ि रहल अछि। सुल्तानगंजक अजगैबीनाथ, मुजफ्फरपुरक गरीबनाथ, सोनपुरक हरिहरनाथ, अरेराज शिव मंदिर, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान, समस्तीपुरक थानेश्वर मंदिर, सुपौलक तिलहेश्वर स्थान, सहरसाक मटेश्वरनाथ मंदिर सहित कतेको मंदिर सभ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु भगवान शिव के जलाभिषेकक लेल पहुँच रहलाह अछि।

---

राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिशनक अंतर्गत दरभंगा जिलाक विभिन्न भाग मे डायरिया उन्मूलन के लेल काल्हि सँ एक मास धरि दस्त रोकथाम अभियान चलाओल जायत।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।